WIKIPÉDIA

Aelurodon

Aelurodon iku kéwan jinis canine saka sub kulawarga Borophaginae sing wis cures. Kéwan iki urip nalika jaman Lemah Mamalia Barstovian (16 Mya) ing antarané wektu Miosen nganti jaman Clarendonian saka akir Miosen (9 Mya). Aelurodon èksis nganti kira-kira 7 yuta taunan.

Aelurodon

Kalamangsa: Patengahan Miosen–Awal Pliosen

Masalah pitembungan: Operator < ora kinira.

PraЄ Є O S D C P T J K PgN

Masalah pitembungan: Operator < ora kinira.



Tengkorak of *Aelurodon taxoides*

Klasifikasi ngèlmiah

Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Mammalia
Ordho:	Carnivora
Famili:	Canidae
Subfamili:	†Borophaginae
Génus:	†***Aelurodon*** Leidy, 1858

Spésies tipe

†*Aelurodon ferox*

Species[1][2]

- †*A. asthenostylus*
- †*A. ferox*
- †*A. mcgrewi*
- †*A. montanensis*
- †*A. stirtoni*
- †*A. taxoides*

Isi

Asal



Aelurodon stirtoni


Aelurodon iku kalebu salah sijining péranganing klade canid sing ditepungi minangka "pangremuk-balung" utawa asu "mèmper Hyena", sing katoné diudhunaké saka genera Protomactus lan Tomarctus. Ana sawatara spésiès sing ditepungi saka fosil sing tinemu ing tengah lan sisih kulon Amérikah Sarékat, nuduhaké rentang géografis sing adoh sadawané puncaké ing jaman Miosen. Spésiès Aelurodon sing gedhé dhéwé (A. ferox lan A. taxoides) mbokmenawa cara mburuné mèh padha karo cara mburuné srenggala modhèren.

Canid pesaing

Aelurodon urip bareng karo jinis canid liyané kaya ta Borophaginae sing jenengé Epycon (20,6-5,330 Ma), Paratomarctus (16,3-5,3 Ma), Borophagus (23,3-3,6 Ma), Carpocyon (20,4-3,9 Ma) lan karo jinis srenggala sing sepisanan metu, Canis Lepophagus (10,3-1,8 Ma).

Spésiès

Enem spésiès Aelurodon wis diakoni déning para panliti. Aelurodon asthenostylus diprakirakaké urip kira-kira 20,6-13,6 Mya (7 yuta taun). Jinis-jinis iki dijenengi déning Wang et. al nalika 1999. Fosil saka A. asthenostylus tinemu ing sisih kulon Nebraska, Colorado Lor, sisih kidul Nevada lan Carolina tengah. Rong spésimen iki duwé bobot kira-kira 33 kg (73,5 lbs) lan 29,4 kg (64,8 lbs). Aelurodon ferox ana nalika rentang wektu 16,3-10,3 Mya (6 yuta taun) lan dijenengi déning Liedy ing taun 188. Spésimen wis prenah tinemu ing kulon Nebraska,New Meksiko, sadawané jurang nganti pasisir Texas lan tlatah sing arep maring kidul Montana. Rong spésimen sing wis tinemu sing regané £ 100, diprakirakaké duwé massa awak 45,6 kg lan tunggalé duwé bobot 39,9 kg (88 lbs). Aelurodon mcgrewi diprakirakaké ana nalika 16,3-13,6 Mya (3 yuta taun) saka fosil sing tinemu ing kulon Nebraska. Kabèh jinis Aeulurodon rata-rata dijenengi déning Joseph Leidy ing taun 1858.


Range of Aelurodontina based on fossil distribution

Sinonim


- ***Prohyaena*** Schlosser, 1890
- ***Strobodon*** Webb, 1969

Cathetan sikil

1. Wang, Xiaoming; Richard Tedford, Beryl Taylor (1999-11-17). "Phylogenetic systematics of the Borophaginae" (http://www.nhm.org/expeditions/rrc/wang/documents/Wangetal1999borophaginemonographpart1.pdf) (PDF). *Bulletin of the American Museum of Natural History* **243**: 1–391. doi:10.1671/2493 (https://dx.doi.org/10.1671%2F2493). Dijupuk 2007-07-08. Cite nganggo paramèter lawas `|coauthors=` (pitulung)
2. Wang, Xiaoming; Benjamin Wideman, Ralph Nichols, Debra Hanneman (2004). "A new species of *Aelurodon* (Carnivora, Canidae) from the Barstovian of Montana" (http://www.nhm.org/expeditions/rrc/wang/documents/Wangetal2004MontanaAelurodon.pdf) (PDF). *Journal of Vertebrate Paleontology* **24** (2): 445–452. doi:10.1671/2493 (https://dx.doi.org/10.1671%2F2493). Dijupuk 2007-07-08. Cite nganggo paramèter lawas `|coauthors=` (pitulung); Paramèter `|month=` sing ora kawruhan dikiwakaké (pitulung)

Uga delengen

- Xiaoming Wang, Richard H. Tedford, Mauricio Antón, *Dogs: Their Fossil Relatives and Evolutionary History*, New York: Columbia University Press, 2008; ISBN 978-0-231-13528-3


Artikel bab kéwan iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Aelurodon&action=edit).